

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan *Média Diary pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII F SMP Negeri 5 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)*, dicindekeun saperti ieu di handap:

- 1) Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa Kelas VII F SMP Negeri 5 Bandung saméméh maké média *diary* nya éta 21% siswa mampuh, sésana 79% can mampuh nulis pangalaman pribadi;
- 2) Kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa Kelas VII F SMP Negeri 5 Bandung sanggeus maké média *diary* nya éta 76% siswa mampuh, sésana 24% can mampuh nulis pangalaman pribadi;
- 3) Dumasar kana hasil  $t_{itung} 12,5 > t_{tabel} 2,47$  katitén yén aya béda anu signifikan antara hasil *pre-test* jeung *post-test* nulis pangalaman pribadi siswa. Ku kituna dicindekeun yén média *diary* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII F SMP Negeri 5 Bandung .

#### 5.2 Saran

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun ku panalungtik. Éta rékoméndasi saperti ieu di handap.

1. Ku sabab hasil panalungtikan yén média *diary* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi, ku kituna dirékoméndasikeun média *diary* ieu pikeun dijadikeun alternatif média dina ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa.
2. Guru kudu leuwih kréatif dina nepikeun pangajaran, contona maké média anu bisa ngirut siswa pikeun aktif dina prosés diajar. Dipiharep guru bisa maké ieu média dina nepikeun pangajaran nulis pangalaman pribadi.

3. Siswa kudu leuwih sering deui diajar nulis karangan basa Sunda nu luyu jeung palanggaran basa sarta minat siswa dina nulis karangan basa Sunda kudu leuwih dihudang.